



STATE OF CONNECTICUT

Oktòb 2024



Chè Paran ak Gadyen,

Sekirite ak byennèt timoun yo ak tout moun ki nan lekòl nou yo se premye priyorite nou. Dènyèman, te gen plizyè menas kont lekòl Connecticut yo, sa ki natirèlman lakòz enkyetid nan kòmansman ane lekòl sa a - yon peryòd ki nòmalman plen kè kontan ak espwa.

Lè lekòl pitit ou a vin konnen gen posibilité menas, ou te mèt sèten direktè a ak pèsònèl lekòl la pran angajman bay fanmi yo ak kominate lekòl la enfòmasyon sa yo san pèdi tan. Men, gen dwa gen limit nan sa nou ka fè ou konnen yo poutèt enfòmasyon sa yo sansib epi gen nesesite pou nou pwoteje tout moun. Lapolis ak premye entèvenan lokal yo, ki fè pati Komite Sekirite ak Pwoteksyon Lekòl yo (School Security and Safety Committees), gen tout enfòmasyon sou kèlkeswa menas ki fèt la, epi y ap travay kole sere avèk pèsònèl lekòl la pou jere tout pwoblèm sekirite.

Tout lekòl Connecticut yo dwe gen yon Plan Sekirite ak Pwoteksyon Lekòl, ki elabore baze sou rekòmandsyon Komite Sekirite ak Pwoteksyon Lekòl yo. Plan yo konsantre sou senk domèn enpòtan: prevansyon, pwoteksyon, limitasyon, entèvansyon ak redrèzman. Pi presizeman, efò yo ale nan prevansyon, sa ki vle di sispann vyolans la anvan li fèt, prepare ak pwoteje tout moun, reyaji rapidman nan ka ijans, ak bay enfòmasyon yo yon fason efikas. Pou kenbe tout moun an sekirite, lekòl yo pa bay publik la detay presi sou Plan Sekirite ak Pwoteksyon yo.

Pwoteksyon ak sekirite kòmanse lakay, donk nou ankouraje paran ak gadyen yo pou yo ede nou nan domèn sa a. Men kèk fason fanmi yo ka kontribye nan sekirite lekòl yo:

- Ou dwe konn aktivite pitit ou sou entènèt, ak ki medya sosyal ak platfòm jwèt l ap itilize.
- Fè chita pale avèk pitit ou sou gravte menas kont lekòl yo, fè li konprann se pa blag san danje. Menas ak fo rapò sa yo ka lakòz laperèz epi mennen konsekans grav nan nivo lajistis, sa gen ladan l arestasyon.
- Pa kite pitit ou pote pistolè jwèt oswa lòt fo zam nan lekòl la, poutèt yo ta ka konfond yo avèk vre zam, yo ka fè lòt moun pè, deranje jounen lekòl la epi lakòz sanksyon kont pitit ou, sa gen ladan l voye li lakay li ak mete li deyò lekòl la.
- Fè atansyon a ki enfomasyon pèsònèl pitit ou bay sou entènèt, poutèt etranje ka sèvi avèk yo avèk lentansyon malonèt sou entènèt ak sou platfòm jwèt yo.
- Ankouraje pitit ou rapòte bay lapolis oswa bay lekòl la tout menas oswa konpòtman menasan li wè.
- Bay bon egzanp sou medya sosyal, paske se nan gade sa granmoun fè timoun yo aprann kijan pou yo konpòte yo sou entènèt. Pa reposte menas ou wè sou medya sosyal, olye de sa avèti lapolis.
- Lalwa Connecticut egzije, si ou gen zam afe lakay ou, pou w kenbe yo sou kle pou timoun yo pa ka jwenn yo.

Mèsi pou soutyen ou pa janm sispann bay la. Ansanm, nou ka ede pwoteje elèv nou yo ak kominate lekòl nou an.

Salitasyon sensè,

Ned Lamont

Ned Lamont
Gouvènè
Eta Connecticut

Charlene M. Russell-Tucker

Manm Komisyón
Depatman Edikasyon Eta Connecticut

Ronnell A. Higgens

Manm Komisyón
Depatman Sèvis Ijans ak Pwoteksyon
Piblik Connecticut